


BAB III

METODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain ieu panalungtikan ngawengku (1) *ngumpulkeun data*, (2) *transliterasi vidéo*, (3) *nangtukeun bagian-bagian carita wayang (kartu data)*, (4) *nangtukeun adegan (kartu data)*, (5) *nganalisis*, (6) *nyieun kacindekan*, jeung (7) *nyusun laporan*.

Desain panalungtikan di luhur bisa diébréhkeun dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1
Desain Panalungtikan

3.2 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 1998: 151).

Méthode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode *deskriptif analitik*. Maksud anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta ngagambarkeun sarta milah-milah bagian-bagian carita jeung struktur adegan pagelaran wayang Golék Giriharja 3 dina lalakon *Dorna Gugur*.

3.3 Wangenan Operasional

Wangenan operasional nya éta tarjamahan tina unggal variabel luyu jeung kabutuhan *observasi, keterukuran, manipulasi, kontrol jeung pengetesan* unggal variabel (Suyatna, 2002: 9).

Judul ieu panalungtikan nya éta “Analisis Pagelaran Carita Wayang Golék Lalakon *Dorna Gugur* Giriharja 3”. Sangkan aya gambaran tina éta judul, perlu dijéntrékeun wangenan-wangenan istilah dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) Dina *KBBI* (2001: 58) disebutkeun yén:

“*Analisis adalah penjabaran sesudah dikaji sebaik-baiknya pemecahan persoalan yang dimulai dengan dugaan kebenarannya.*”
- 2) Wayang asal kecapna tina *bayang*, nu hartina nya éta lalakon wangwangan adeg-pangadegna jelema boh lahirna boh batinna, diwujudkeun ku peta-peta modél wangwangan jeung dilalakonkeun ku dalang bari dipirig ku gamelan saléndro, ditanceb-tancebkeun dina gebog (Danadibrata, 2006: 739).

Wayang nya éta sarupa jejelemaan tina kulit atawa tina kai nu diibaratkeun anu dilalakonkeunana dina carita *Mahabarata, Ramayana, Arjuna Sastrabahu*, jsté.

Dina pagelaran wayang, Ki Dalang biasana sok dipirig ku gamelan jeung sindén (KUBS, 1995: 561). Unggal dalang mibanda gaya ngadalang séwang-séwangan. Pagelaran wayang geus aya ti jaman para wali nu dipaké pikeun nyebarkeun agama Islam.

3) Bagian-bagian carita wayang

Bagian-bagian carita wayang nurutkeun Kosasih (2010: 103) nya éta: kakawén, murwa, nyandra, jeung antawacana. Dina katerangan séjén, lebah kakawén disebutkeun istilah rénggan, sendon, jeung gereget saut (Soepandi, 1984: 14). Juru sekar/sindén mangrupa bagian dina pagelaran wayang Golék, tapi di luar téknis dalang.

4) Giriharja 3

Giriharja asalna tina kecap *giri* jeung *harja*. *Giri* asalna tina basa Sansekerta nu hartina gunung (Danadibrata, 2006: 228). Sedengkeun *harja* asalna tina basa Kawi nu hartina rahayu, salamet, murah sandang-pangan, sok disebut ogé raharja (Danadibrata, 2006: 249). Jadi, giriharja nya éta paheula-heula raharja, rahayu, sarta salamet salawasna dina lalampahan hirup jeung kahirupan nu hadé.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat-alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kartu data bagian-bagian carita wayang dina pagelaran sacara lumangsung dumasar kana pamadegan Soepandi;

No	:	
Bagian	:	
Téks	:
	

- 2) Kartu data struktur adegan pagelaran wayang Golék dumasar kana pamadegan Salmun.

No	:	
Adegan	:	
Téks	:
	
	

3.5 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta vidéo lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3. Tina éta sumber data ditangtukeun sakabéh téks anu ngarojong tur nuduhkeun bagian-bagian carita jeung struktur adegan pagelaran wayang Golék.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta salasihiji usaha kumaha cara (prosedur) nu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002: 19).

Luyu jeung pamadegan Suyatna di luhur, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh ngagunakeun téhnik studi pustaka jeung téhnik analisis data.

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka gunana pikeun ngulik, niténan sumber pustaka anu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan.

2) Téhnik Analisis Data

Téhnik nu digunakeun pikeun nganalisis data nya éta sajumlahing data anu kapanggih tina lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3, nu leuwih museur kana bagian-bagian carita jeung struktur adegan lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan téh, katitén saperti ieu di handap.

- 1) Nongton pagelaran wayang Golék Giriharja 3 lalakon *Dorna Gugur*;
- 2) Nyieun transkripsi tina rékaman pagelaran wayang Golék Giriharja 3;
- 3) Macaan literatur-literatur ngeunaan wayang, pagelaran wayang, jeung tiori pawayangan, pikeun meunangkeun dasar-dasar tiori nu aya hubunganana jeung panalungtikan.

3.6.2 Tehnik Ngolah Data

Data nu geus kapanggih (diketik), tuluy diolah dumasar kana téhnik-téhnik nu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nganalisis, milah-milah data nu geus dikumpulkeun;

- 3) Nganalisis data nu nuduhkeun bagian-bagian carita wayang dina pagelaran sacara lumangsung dumasar kana pamadegan Soepandi kalayan maké kartu data; jeung
- 4) Nganalisis data anu nuduhkeun struktur adegan pagelaran wayang Golék dumasar kana pamadegan Salmun kalayan maké kartu data.

